

**Problem Kajiwane Paraga Wanita Minangka Objek Seks
Sajrone Cerbung *Kesumat* Anggitane Tiwiek S. A
(Psikologi Kapribadhen G.W Allport)**

Handayani

Jurusan S1 Pendidikan Bahasa Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

Handa_galek@yahoo.com

Dr. Darni, M.Hum

Dosen Jurusan S1 Pendidikan Bahasa Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

ABSTRAK

Wanita mujudake perangan saka panguripane manungsa ing bebrayan agung. Saben-saben wanita nduweni kapribadhen kang beda karo wanita-wanita liyane. Cerbung *Kesumat* anggitane Tiwiek S.A iki uga ngandharake bab-bab ngenani kajiwane wanita minangka objek seks. Adhedhasar kahanan kasebut, cerbung *Kesumat* iki bakal kadhudhah kanthi titingan psikologi kapribadhen mligine nggunakake teori Gordon W. Allport. Panliten kang nggunakake titingan psikologi kapribadhen iki mujudake panliten kualitatif dheskriptif. Dhata sajrone panliten iki arupa tembung-tembung lan ukara-ukara kang ngandharake problem kajiwan kang dijupuk saka sumber dhata, yaiku cerbung *Kesumat* anggitane Tiwiek S.A kang nate kapacak ing kalawarti abasa Jawa Jayabaya wiwit edhisi 14 tanggal 29 Nopember 1987 lan dipungkasi ing edhisi 33 tanggal 10 April 1988. Dhata-dhata kasebut dikumpulake kanthi teknik studi kapustakan, pilih, lan cathet. Analisis dhata kang digunakake sajrone panliten iki yaiku dheskriptif. Teori kang digunakake kanggo nganalisis dhata yaiku teori psikologi kapribadhen, mligine nggunakake teori Gordon W. Allport. Asil saka panliten iki yaiku nuduhake problem-problem kajiwan kang dirasakake dening wanita kang minangka objek seks kasebut lan mangerteni sipat-sipat wanita minangka objek seks kasebut saengga bisa diweruhi kaya ngapa wanita objek seks kasebut anggone mungkasi problem kang ana ing jiwane kasebut kang arupa trauma.

Tembung wigati: problem kajiwan, objek seks, intensi

PURWAKA

Maneka warna konflik lan problem sajrone crita ndadekake kahanan-kahanan lan uga kajiwane paraga sajrone crita kasebut tuwuh lan ngrembaka mligine ing pangrembakane sipat-sipate paraga sajrone ngadhepi prekara urip kasebut. Prekara-prekara panguripan kasebut sabanjure nuwuhake problem-problem kajiwane paraga sajrone karya sastra.

Karya sastra akeh tinemu maneka warna wujud, kayata cerbung, kang minangka salah sawijine wujud karya sastra kang critane diandharake kanthi cara sambung sinambung ing kalawarti abasa Jawa, ora kaya novel utawa crita-crita liyane kang diandharake kanthi kabeh tanpa sambung sinambung. Cerbung lan karya sastra-karya sastra liyane mujudake salah sawijine conto saka asil karya sastra kang ngandhut bab-bab kang gegayutan karo prekara-prekara kang kadadeyan ing panguripane manungsa/paraga sajrone crita.

Salah siji cerbung kang banget narik kawigaten yaiku cerbung kanthi irah-irahan

Kesumat anggitane Tiwiek S.A, yaiku cerbung kang nate kapacak ing kalawarti Jawa Jayabaya ing antarane tahun 1987 nganti 1988. Cerbung *Kesumat* kasebut salah siji cerbung saka saperangan cerbung kang kapacak ing kalawarti Jawa Jayabaya. Cerbung liyane kang nate kapacak ing kalawarti abasa Jawa antarane yaiku *Anak nutup* lan *Carang-carang Garing* lan uga *Murtini* kang nate kapacak ing majalah Djaka Lodhang ing tahun 1979. Cerbung *Kesumat* kasebut cacahé ana rong puluh seri kawiwitan saka Jaya Baya nomor 14 tanggal 29 Nopember 1987 lan dipungkasi ing Jaya Baya nomor 33 tanggal 10 April 1988.

Karya sastra kang dianggit dening Tiwiek SA uga wis akeh kang dipacak ing kalawarti-kalawarti abasa Jawa kaya Panjekar Semangat, Jakalodhang lan Jayabaya uga kalawarti abasa Jawa liyane. Tiwiek S.A mujudake penganggit kang wis akeh ngasilake karya sastra kaya cerbung, uga novele maneka judhul kaya ta *Carang-carang garing*, *Suminar*, lan isih akeh maneh novel kang wis karipta saka tangan lan pamikiran. Tahun 1980-an minangka kadadeyan kang banget

nyenengake tumrap Tiwiek S.A, ing kalangan sastrawan Jawa, jenenge saya digatekake. Saben minggu karyane kapacak ing majalah Jaya Baya, Panjekar Semangat, Djaka Lodhang, lan Mekar Sari. Tahun 1985, dheweke menangake lomba nganggit kanggo guru tingkat nasional lan dadi juara siji. Anggitane kasebut arupa novele kanthi irah-irahan *Carang-carang garing* didadekake sinetron lan disiwarake dening TVRI Stasiun Surabaya (1985), (Suwondo, 2006:232)

Crita sajrone novel lan cerbung kang karipta saka astane akeh kang ngandharake panguripane. Sawijine paraga kang banget ditengenake, lan kang mligi saka isi crita anggitane Tiwiek S.A, yaiku nyritakake paraga wanita kang tansah dadi objek saka sakabehane tumindake paraga priya, arupa objek seks, objek kekerasan, lan objek-objek liyane kang ora nggawa kauntungan tumrap paraga wanita. Tiwiek SA mujudake sawijine asma kang ngandut surasa wanita. Bab iki mujudake salah sawijine faktor kang nyengkuyung kena apa karya-karya kang diasilake dening Tiwiek SA akeh kang nengenake prekara wanita kang dadi punjer critane.

Cerbung *Kesumat* iki akeh nyritakake pengalaman kajiwane paraga, yaiku paraga wanita kang dadi objek seks tumrap paraga priya. Ing kene paraga wanita nduweni cara kanggo ngadhepi prekara-prekara panguripane minangka objek seks dening pawongan priya. Maneka cara kasebut beda antarane wanita siji lan wanita liyane. Cerbung iki weneh gambaran kepriye sipat-sipate paraga wanita nalika dheweke didadekake objek seks dening wong lanang. Cerbung *Kesumat* iki nyritakake saben-saben paraga, utamane paraga wanita kang nduweni sipat-sipat kang maneka warna anggane ngadhepi prekara-prekara uripe. Cerbung *Kesumat* iki banget narik kawigaten panliti amarga ngandharake problem kajiwan kang kadadeyan dening paraga wanita yaiku problem kajiwan kang dirasakake dening wanita mantan pelanyah. Kejaba alasan-alasan kasebut, amarga saweruhe panliten, cerbung *Kesumat* menika durung ditliti nganggo tintonan psikologi sastra, mligine nganggo teori psikologi kapribadhen G.W Allport.

Tintonan psikologi sastra (teori G.W Allport psikologi individu) banget gathuk minangka alat kanggo ngonceki bab-bab kang kadadeyan sajrone karya sastra kang arupa cerbung kasebut. Crita kasebut akeh nyritakake kahanane paraga-paraga (wanita) kanthi maneka warna prekara-prekara kang kadadeyan sajrone uripe lan kepriye paraga wanita kasebut ngadhepi kanthi carane dhewe-dhewe. Paraga wanita kanthi sipate ngadhepi prekara (objek seks) sajrone uripe uga ngandharake problem-problem kajiwan kaya ngenani trauma, phobia, lsp.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur, panliten iki bakal ngonceki cerbung *Kesumat* kanthi luwih njlimet ngenani kajiwane paraga wanita kang nglakoni panguripane kanthi maneka warna sipat

sajrone ngedhepi pacoban minangka objek seks sajrone crita supaya bisa dimangerteni kanthi luwih gamblang dening para pamaos lan panliten liyane. Kanggo ngonceki bab-bab kasebut mula digunakake tintonan teori Allport psikologi kapribadhen minangka alate. Panliten iki bakal diandharake kanthi irah-irahan *Problem Kajiwane Paraga Wanita Minangka Objek Seks Sajrone Cerbung Kesumat Anggitane Tiwiek S.A (Tintonan Psikologi Kapribadhen Gordon W. Allport)*

Adhedhasar landhesan panliten kang diandharake, undere panliten iki diperang dadi telu, yaiku (1) Kepriye sipat-sipate paraga wanita minangka objek seks sajrone cerbung *Kesumat* anggitane Tiwiek S.A kasebut?, (2) Kepriye wujud problem kajiwane paraga wanita minangka objek seks sajrone cerbung *Kesumat* anggitane Tiwiek S.A kasebut?, (3) Kepriye motivasi kang ngandhesi paraga wanita minangka objek seks mungkasi problem kajiwan sajrone cerbung *Kesumat* anggitane Tiwiek S.A kasebut?.

Tujuwan panliten iki salaras karo undere panliten, yaiku (1) Mangerteni lan ngandharake sipat-sipate paraga wanita minangka objek seks sajrone cerbung *Kesumat* anggitane Tiwiek S.A, (2) Mangerteni lan ngandharake wujud problem kajiwane paraga wanita minangka objek seks sajrone cerbung *Kesumat* anggitane Tiwiek S.A, (3) Mangerteni lan ngandharake motivasi kang ngandhesi paraga wanita minangka objek seks mungkasi problem kajiwan sajrone cerbung *Kesumat* anggitane Tiwiek S.A.

Panliten iki dikarepake bisa menehi paedah kanggo sastra jawa modern kanthi menehi gegambaran ngenani wanita sajrone masyarakat (Jawa) sajrone cerbung utawa karya sastra liyane. Paedah liyane yaiku tumrap para pamaos diajab bisaa weneh piwulangan lan bisa weneh pamawas tumrap para pamaos kanthi bisa nambah kawruh ngenani sastra jawa modern mligine ngenani cerbung. Panliten kang ora kalah penting yaiku tumrap donyane pendhidhikan mugiya bisa didadekake piwulangan ngenani apresiasi karya sastra.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Tintonan kapustakan ngemot andharan ngenani (1) cerbung, (2) psikologi sastra, (3) paraga sajrone karya sastra, (4) teori Allport psikologi kapribadhen.

1. Cerbung

Cerbung mujudake salah sawijine jinis karya sastra Jawa modern kang arupa prosa. Cerbung uga nggambarake panguripan sosial masyarakat kang ana sajroning urip bebrayan senajan mung carita rekaan. Akeh panganggit kang ndadekake cerbung kasebut sajrone novel kanthi cara nerbitake crita kasebut dadi sakbuku kang bisa dinikmati dening para pamaos kanthi langsung tanpa pedhot-pedhot.

Cerbung nduweni perangan struktur kang padha karo novel lan cerkak. Miturut Wellek lan Werren (1990:280) saben crita fiksi nduweni perangan kang arupa plot, paraga, latar, pamawas urip minangka unsur kang kudu disinaoni, manawa panganggit pengin mbandhingake sawijine karya sastra karo pangurip[an nyata ing masyarakat.

2. Psikologi Sastra

Psikologi sastra yaiku kajian sastra kang nyawang karya minangka aktivitas kajiwan (Endraswara, 2011:96). Panganggit bakal nggunakake cipta, rasa, lan karsa sajrone nyiptakake karya. Panganggit sajrone nganggit karya sastra bakal nangkap gejala jiwa banjur diripta sajrone teks lan dijangkepi karo kajiwan. Karya sastra dideleng minangka *fenomena* psikologis, bakal ngandharake aspek-aspek kajiwan saka paraga-paraga kang diandharake sajrone teks drama utawa prosa.

Psikologi sastra yaiku tintingan karya sastra kang dipercaya nggambarake proses lan aktivitas kajiwan (Minderop, 2013:54). Sajrone nintingan sawijine karya psikologi bab kang wigati kang prelu dimangerteni yaiku kepriye campur tangane psikologi panganggit lan kaprigelane panganggit ngandharake para paraga rekaan karo sawernane prekara kajiwane. Ditambahake dening Ratna (2013:343), psikologi sastra luwih nengenake ngenani unsur-unsur kajiwan paraga-paraga fiksional kang kinandhut sajrone karya sastra.

Miturut pamawase Wellek lan Werren (1990) lan Hardjana (1985:60-61), psikologi sastra nduwe patang kamungkinan panliten. Sepisan, panliten marang psikologi panganggit minangka tipe utawa minangka pribadhi. Studi iki cundhuk menyang arah psikologi seni. Panaliten ngusaha nangkap kahanan kajiwan sawijine panganggit nalika ngandharake gagasane sajrone karya sastra. Kaping pindho, panliten proses kreatif gayutane karo kajiwan. Studi iki gegayutan uga karo psikologi proses kreatif. Kepriye langkah-langkah psikologis nalika ngekspresekake karya sastra dadi fokuse/punjere. Kaping telu, psikologi hukum-hukum kang dicakake sajrone karya sastra. Bab iki studi bisa diarahake menyang teori-teori psikologi, kayata psikoanalisis menyang sawijine teks sastra. *Asumsi* saka kajian iki yaiku menawa panganggit asring nggunakake teori psikologi tartamtu sajrone pangriptane karya sastra. Studi iki kang bener-bener ngangkat teks sastra minangka wilayah/kajiwane. Kaping papat, panliten nduweni daya psikologis teks sastra marang pamaos. Studi iki condhong menyang aspek-aspek pragmatik psikologi tesk sastra tumrap pamaose.

3. Paraga sajrone Karya Sastra

Watak, perwatakan, lan karakter, cundhuk marang sifat lan sikap para paraga kaya kang ditafsirake dening pamaos, luwih nengenake

menyang kualitas pribadhi sawijine paraga. Miturut Jones (sajrone Nurgiyantoro, 2010:165), penokohan yaiku panggambaran kang jelas ngenani sawijine pawongan kang diandharake ing sawijine crita.

Tokoh cerita (character), miturut Abrams (sajrone Nurgiyantoro, 2005:165), yaiku pawongan-pawongan kang andharake sajrone karya naratif, utawa drama, kang dening pamaos ditafsirake nduweni kualitas moral lan sesambungan tartamtu kaya kang diekspresekake sajrone upacara lan apa kang dilakokake sajrone tumundake. Saka pethikan kasebut uga bisa dimangerteni antarane paraga karo kualitas pribadhine gayut sajrone pamawase pamaos.

4. Teori Allport Psikologi Kapribadhen

Teori Allport ngenani psikologi indhividhu nduweni pokok-pokok teori yaiku struktur lan dinamika kapribadhen lan uga ngenani pangrembakane kapribadhen

a. Struktur lan Dinamika Kapribadhen

Undheran iki ora bisa digawe kanggo ngandharake teori Allport, amarga tumrap Allport struktur kapribadhen kasebut dijlentrehake sajrone sipat-sipat (traits) lan tingkah laku disurung dening sipat-sipat (traits).

a) Kapribadhen

Miturut Allport (sajrone Suryabrata, 1990:240) ngandharake yen kapribadhen yaiku organisasi dinamis sajrone indhividhu minangka sistem psikofisis kang nemtokake cara kang mligi sajrone ngetrepake awak tumrap lingkungan.

b) Watak

Tetembungan kapribadhen lan watak asring digunakake kanthi gonta-ganti, ananging Allport ngandharake, yen biyasane tembung watak ngandharake arti normatif, Allport (sajrone Suryabrata, 1990:242).

c) Temperamen

Temperamen yaiku *disposisi* kang banget cedhak gayutane karo faktor-faktor biologis utawa *fisiologis* lan amarga kasebut ora akeh *modifikasi* sajrone pangrembakane. Guna katurunan utawa dhasar ing kene wigati/gedhe saka segi-segi kapribadhen liyane.

b. Sipat

Sipat yaiku sisten neuropsikis kang digeneralisasekake lan diarahake, kanthi kaprigelan kanggo ngadhepi macem-macem perangsang kanthi padha, diwiti sarta mbimbing tingkah laku adaptif lan ekspresif kanthi padha, (Allport sajrone Suryabrata 1990:242).

a) Sipat Umum lan Sipat Indhividual

Allport (sajrone Suryabrata, 1990:245) ngandharake yen sajrone kasunyatan ora ana rong indhividhu kang nduweni sipat-sipat kang bener-

bener padha. Senajan ta ana bab-bab kang mirip sajrone struktur sipat saka indhividhu-indhividhu nanging tansah ana corak kang khas ngenani cara kerjane sipat-sipat kasebut ing saben indhividhu kang njalari anane pambada karo sipat kang padha kang ana ing pawongan liya. Sakabehane sipat kasebut yaiku sipat indhividhual, artine khas lan mung bisa dicakake tumrap saindhividhu.

Allport ngakoni yen amarga daya-daya kang padha saka masyarakat lan bab-bab kang padha sacara biologis kang ndayani pangrembakane indhividhu, ana sawetara cara-cara adaptasi kang kanthi kasar (garis besar) bisa dibandhingake.

Sipat umum nuduhake menyang panyelidhikan ngenani aspek-aspek Kapribadhen kang bisa dibandhing-bandhingake kanthi tetembungan kasebut. Umume, Allport ngakoni yen panyelidhikan ngenani sipat-sipat umum kasebut bakal nduweni guna sajrone konsepsi kang kasebut nggambarake indhividhu kanthi trep/pas.

b) Konsistensi Sipat-sipat

Dudutan-dudutan kang digunakake kanggo nengeri sipat yaiku konsistensine. Sipat kasebut bisa dikenal sajrone indhividhu tumindak/tumangkah laku amarga ajeg dilakoni. Sabanjure, kasunyatan yen sipat-sipat kasebut terorganisasi sacara khas indhividhual weneh dudutan yen sipat-sipat kasebut bisa awujud unsur-unsur kang ora tetep yen disawang saka segi normative utawa saka njaba.

c) Intensi

Tetembungan intensi digunakake sajrone arti yaiku pangerten : pepenginan-pepenginan, kekarepan-kekarepan, ambisi, cita-citane pawongan. Miturut Allport sajrone Suryabrata (1990:250), intensi iki bisa dijejerake karo apa kang diarani Freud *Ich ideal* lan apa kang diarani C. Buhler *Bestimmung*.

c. Proprium

Allport ngandharake sakabehane *self* utawa *ego* kasebut yaiku mujudake fungsi *proprium* tinimbang kapribadhen. Fungsi-fungsi kasebut (kesadaran jasmani, *self identity*, *self-esteem*, *self extention*, *rational thinking*, *self image*, *proprieate striving*, lan *fungsi mengenali*), sakabehane yaiku perangan-perangan kang vital saka kapribadhen. Pangerten *proprium* kasebut nggayuh sakabehane aspek kapribadhen kang ndadekake panguripan emosional indhividhu dadi beda-beda, kang ndadekake panguripan dadi kapisah saka wong liya, lan nyiptakake unitas saka sikap, persepsi, lan tujuwan urip sawijine pawongan. *Proprium* kasebut ora digawa saka lahir, ananging ngrembaka sajrone pangrembakane indhividhu.

d. Otonomi Fungsional

Otonomi fungsional nduweni gegambaran yen motif-motif saben pawongan kang wis diwasa kuwi

maneka warna, mandhiri mujudake sistem kontemporer, ngrembaka saka sistem antiseden ananging tetep fungsional ota gumantung karo sistem kasebut.

a) Isi pokok

Aktivitas tartamtu utawa wujud tingkah laku tartamtu kang bisa dadi pungkasan utawa tujuwan senajan sajrone kasunyatan diwiwiti amarga samubarang alasan liya. Saben tingkah laku, kang prasaja utawa kang kompleks, senajan diwiwiti saka tegangan organis, bisa terus kadadayan kanthi dhewe tanpa anane faktor biologis kang ndayani maneh (tanpa *biological reinforcement*).

Otonomi fungsional beda karo pangerten umum yen samubarang tingkah laku kuwi, tuladhane pawongan (pemburu) nggolek panganan, yen tujuwane wis keturutan dheweke golek kanggo ngandharake dhasar agresine.

Otonomi fungsional ngandharake yen pawongan kang golek mangan kasebut bakal tetep mburu senajan ora ana arti instrumentale artine yaiku tanpa anane panyurung agresi utawa kabutuhan-kabutuhan kang luwih pokok saka kang ndhasari tumindak kasebut, dadi pawongan kasebut tumindak amarga seneng mburu, lan bab iki kang didohi.

b) Bukti-bukti ngenani anane otonomi fungsional

Sajrone weneh alasan menyang konsepsine kasebut Allport nuduhake marang observasi ing saperangan bidhang kang sakabehane nuduhake anane kacendherungan marang organisme kanggo tetep ing sawijine respon, senajan alasan kang ndadekake respon kasebut ora ana.

(1) Reflek sirkuler, Akeh tumindake bocah/pawongan kang diambali terus, kanthi ora mandhek-mandheke anggone ngoceh lan dolanan ing taraf wiwitan; tumindak-tumindak kang diambali kasebut umume diarani "*reflex sirkulasi*". Miturut Allport, bab kasebut yaiku conto saka otonomi fungsional, amarga kanggo numindakake tumindak kasebut ora mbutuhake panyurung-panyurung kang pokok (asli). Tumindak kasebut kadadayan nganti diganti/diempet karo tumindak kang anyar utawa nganti ora nduwe daya/kesel. (2) Refleks kanthi syarat tanpa "*reinforcement*", Refleks kanthi syarat iki kadadayan yen perangsang kanthi syarate ora dibarengi karo *reinforcement* bakal ilang. Akeh bab-bab kang kadadean mung sepisan kang tinemoni sajrone panguripan (dadi tanpa *reinforcement*), nanging tetep nduweni daya pangaribawa tumrap tingkah laku, kaya pengalaman traumatis kang tetep weneh daya menyang panguripan jiwane pawongan.

c) Sesambungane antarane otonomi fungsional karo motivasi

Proprium mujudake panggonane motivasi lan otonomi fungsional yaiku *fenomena* kang ngrembaka, saengga ngandharake yen motivasi uga gegayutan karo jaman mbiyen. *Proprium* kang

nemtokake tumindak kang otonom. Proprium bakal terus ngrembaka, ngupaya oleh daya motivasi kanga sale saka jaman saiki lan jaman kang arep teka, lan ngilangake motivasi jaman mbiyen.

d) Motivasi sadhar lan ora sadhar

Allport banget nengenake ngenani motivasi sadhar. Pawongan kang diwasa kang sehat umume sadhar marang apa kang dikerjakake lan alesan apa kanthi dheweke tumindakake pakaryan kasebut. Tingkah laku kang normal kasebut fungsional otonom lan dimotivasi lumantar proses sadhar, motivasi ora sadhar uga nduweni *pemicu* tingkah laku dhewe.

METODHE

Metodhe kang digunakake sajrone panliten iki yaiku nggunakake metodhe dheskriptif kualitatif. Panliten iki nganggo metodhe dheskriptif kualitatif amarga objek panlitene yaiku karya sastra lan realitas masyarakat kang sanjerone ngrembug prekara panguripane pawongan lan kepriye pawongan kasebut tumindakake panguripane kanthi ngadhepi lan mungkasi prekara-prekara kang ana sajrone crita.

Sumber dhata sajrone panliten iki yaiku awujud primer lan sekundher. Sumber dhata kang awujud primer yaiku arupa cerbung *Kesumat* anggitanne Tiwiek S.A, kang nate kapacak ing kalawarti Basa Jawa yaiku Jayabaya ing tahun 1987 nganti 1988. Sumber dhata sekunder saka panliten iki yaiku buku-buku utawa literature-literatur kang magepokan karo teori kang digunakake sajrone panliten iki, yaiku teori ngenani Psikologi Kapribadhen G.W Allport. Dhata sajrone panliten iki nggunakake sumber kang asale saka dhata tulis utawa kapustakan. Sumber dhata kang digunakake sajrone panliten iki yaiku cerbung *Kesumat* anggitanne Tiwiek S.A kang nate kapacak ing kalawarti basa Jawa yaiku Jayabaya ing antarane tahun 1987 dumugi 1988.

Metodhe kang digunakake sajrone panliten iki yaiku nggunakake metodhe kapustakan lan dokumentasi sajrone ngumpulake dhata-dhata teks. Metodhe analisis dhata kang digunakake sajrone panliten iki yaiku metodhe deskriptif. Metodhe dheskriptif yaiku ndeskripsekake kanthi objektif ngenani psikologi yaiku problem kajiwane para paraga wanita kanthi maneka warna problem utawa prekara urip utamane paraga wanita kang minangka objek seks sajrone cerbung kasebut kang uga disengkuyung kanthi andharan kepriye sipat-sipate paraga wanita kang minangka objek seks kasebut.

ANDHARAN

Panliten iki ngandharake saperangan underan kang bakal dirembag, yaiku ngenani sipat-sipate wanita minangka objek seks, problem kajiwane wanita minangka objek seks lan motivasi wanita minangka objek seks sajrone mungkasi problem

kajiwane yen diwawas saka teori kapribadhen, mligine yaiku teori psikologine Gordon W. Allport.

1. Sipat Paraga Wanita minangka Objek Seks sajrone Cerbung *Kesumat* Anggitanne Tiwiek S.A

Sipat mujudake bab kang nyata kang ana ing pribadhine sawijine pawongan/ manungsa. Sipat dudu minangka bab kang dicakake marang sawijine pawongan, ananging nyata ana ing pribaddhine pawongan kasebut, Allport (sajrone Suryabrata 1990:243). Bab kasebut ngandharake yen sawijine sipat kasebut cetha ana lan dudu mujudake asil saka pangira-irane panliten marang sawijine pawongan.

a. Sipat Umum

Alwisol (2012:220) ngandharake yen sipat umum yaiku sipat-sipat kang dinduweni bebarengan dening pawongan akeh, digunakake kanggo mbandhingake pawongan saka latar belakang budaya kang beda. Asumsi kang digawe dhasar sipat kasebut yaiku evolusi lan daya pangaribawane sosial kang padha. Sipat-sipat umum kang diduweni paraga-paraga wanita kang minangka objek seks kasebut mujudake sipat kang ana ing saperangan wanita minangka objek seks sajrone cerbung *Kesumat* anggitanne Tiwiek S.A kasebut. Salah sawijine sipat kasebut yaiku sipat nuntut, sipat ringkih (wanita ringkih) lsp. Sipat kasebut ana ing paraga wanita siji lan paraga wanita liyane. Sakabehane wanita minangka objek seks kasebut weneh sipat kang padha nalika dheweke kasebut didadekake objek seks tumrap wong lanang.

a) Sipat Wanita Ringkih

Wanita mujudake pawongan kang sarwa ringkih. Bab kasebut kadadayan amarga akeh faktor-faktore. Faktor kasebut salah sawijine yaiku sipate wanita kang sarwa nggantungake marang wong lanang utawa wong liya. Sipat ringkih kasebut diwujudake kanthi nangis nalika wanita kasebut nandang kadadayan kang ora kepenak tumrap panguripane. Nangis mujudake tumindak kang mesthi dilakoni dening wanita. Wanita ora nduweni rasa percaya dhiri marang awake dhewe. Bab kasebut banjur gawe wanita kasebut nduweni sipat kang ringkih, lan kadhang kala uga pesimis. Padha apa kang dilakoni dening Minarti nalika dheweke ketemu maneh karo pawongan kang ndadekake uripe sengsara mbiyen. Gegambarane kaya pethikan ing ngisor iki:

“Minarti bablas mlebu kamar. Awake dibanting ing kasur. Nangis unkep-unkep. Sawetara sinoman wanita nututi mlebu kamar. Sawenehing pitakonan muncul. Nanging sing ditakoni sajak ora maelu. Mung nangis lan nangis. Rumangsa judheg si sinoman klayu metu. Nggoleki Prambudi sing wektu semono lagi katrem ngematake lakune pakeliran, ing

antarane para tamu sepuh” (Tiwiek, JB. 01:39)

Pengalaman pait ing jaman mbiyen teka maneh menyang panguripane Minarti bareng karo tekane Bonardi ing malem resepsi nikahane karo Prambudi. Bonardi ora rila yen Minarti mantan wanita pelayanane lan wanita kang kerep ngladeni dheweke kasebut sesandhingan karo Prambudi sing ora liya dulure dhewe. Bab kuwi kang ndadekake Bonardi ngancem Minarti lan ndadekake Minarti ora kuwat lan banjur mlayu menyang kamar lan nangis. Minarti ora bisa nglerem kahanan, dheweke rumangsa kejoheran. Rumangsa uripe keganggu nanging ora bisa ngupaya, mung nangis dadi usaha kang bisa dilakoni nalika kuwi. Minarti kang lagi wae ngrasakake seneng merga bisa sesandhingan karo priya kang banget ditresnani kasebut ora nduweni daya kanggo nglawan apa maneh nyritakake marang Prambudi yen sejatine dheweke lagi diganggu dening Bonardi maneh.

b) Sipat polos/lugu

Sipat umum kang ana ing pribadhine paraga wanita sajrone cerbung *Kesumat* anggitané Tiwiek S.A yaiku sipat polos/lugune paraga wanita. Sipat polos/lugu kasebut nuduhake durung matenge pribadhi sawijine pawongan kasebut. Sipat kasebut mujudake sipat kang ana ing sawijine pawongan kang durung nduweni pengalaman urip kang akeh. Sipat polos/lugu iki bisa ditemokake sajrone pribadine Minarti nalika isih wiwitan kerja ing salon Merakati kang sejatine salon kang ngrangkep panggon prostitusi kanthi sesinggetan. Gegambarane kaya pethikan ing ngisor iki:

“Apa sing nate dingerteni lan diweruhi ing kutha asale, jebul kacek adoh karo sing ditemu ing salon merakati papane nyambutgawe sajroning seminggu iki. Sing teka ora mligi para wanita. Nanging luwih akeh para priyane. Malah ana oom-oom barang sing yuswane wis lingsir. Minarti gumun. Kathik para priya sing butuh diriyas kuwi, jroning antri ngenteni giliran kudu dikancani dening para wanita remaja sabarakané. Ngancani jagongan, ngancani lungguhan. Lan kerep bae Minarti meruhi patrape para priya kasebut keladuk sembrana.” (Tiwiek, JB. 05:38)

Sipat lugune Minarti kang kebangeten kasebut nganti dheweke ora nyadhar yen sejatine dheweke kerja ana ing panggonan kang salah, yaiku panggonan kang ndagangake wanita-wanita marang para pelanggan klebu oom-oom. Dheweke durung mangerteni salon merakati kasebut mujudake panggonan kanggo golek kenikmatan tumrap wong-wong lanang ‘hidung belang’ kang ngelak marang wanita. Sipat lugune Minarti kang

kebangeten kasebut kang banjur gawe dheweke rugi, lan bisa dimanfaatake dening wong liya kanggo bab-bab kang kurang becik, kaya ta diapusi lan liya-liyane.

c) Sipat gampang kena godha/wanita gampang

Sipat umum liyane kang ana sajrone wanita minangka objek seks yaiku sipat gampang kena godhane priya utawa sipat gampang. Sipat gampang kagodha ana ing pribadhine Lastri, Palupi, lan uga Neni utawa Bu Handoko. Sakabehane wanita kasebut digodha dening priya kang padha, yaiku Prambudi. Prambudi nggodha wanita kasebut amarga dheweke dhendham marang katelu wanita kasebut, kang wis nyacat eleke Minarti, yaiku sekandhale Minarti karo Bonardi dhek mbiyen. Kesumate Prambudi kasebut disalurake kanthi gawe dolanan saperangan wanita ing desane kasebut. Dheweke nggodha malah tumindak luwih marang wanita-wanita kasebut.

Lastri mujudake prawan desa kang durung nduweni pengalaman akeh, luwih-luwih ing babagan nyambung katresnan karo priya. Mangerteni Lastri kang lagi wae tuwuh dadi wanita kasebut ndadekake Prambudi kepenak anggone nyebar jarring. Jaring kang kebak wisa kanggo ngerah barang ajine Lastri kasebut. Lastri minangka prawan kang lagi wae ngancik dadi wanita dewasa kasebut kanthi manut nrima apa kang dilakoni Prambudi dening dheweke. Gegambarane kaya pethikan ing ngisor iki:

“Piye Tri? Ora kabotan ta?” Prambudi saya mepet. Tanpa sungkan-sungkan tangane kumlawe. Nyandhak janggute Lastri, didhagakake. Lastri manut. Prambudi mandeng tajem. Pandeng sing ngemu magnet. Lastri nimbang mandeng, pandeng pasrah. Ora katalompen. Prambudi manglungake sirahe. Bocah wadon desa iku dikecup lambene, diarasi sakatoge. Prambudi isa ngrasakake sakojur awake Lastri gemeter. Ambegane nggos-nggosan. Prambudi ora mendha. Nanging malah saya ndadra. Tangane genti oprasi njamah kana njamah kene karo ora leren-leren anggone ngarasi. Ora wurung Lastri ketaman birahi sing sasuwene iki arang dirasakake.” (Tiwiek, JB. 14:37)

Pethikan ing ndhuwur kasebut ngandharake yen Lastri kagodha marang pambujuke Prambudi kang ngomong yen Lastri bakal didadekake gentine Minarti ing panguripane Prambudi. Pambujuke kasebut akhire gawe atine Lastri kagol, dheweke gelem nyerahake jiwa lan ragane marang wong lanang kang sejatine isih nduweni bojo kasebut. Lastri ngrasakake ketaman birahi sing saksuwene iki ora nate dirasakake. Lastri kang mujudake prawan desa kang semune nduweni sesambungan

apik karo Minarti nalika mbiyen dheweke dadi pramugari ing resepsine Minarti kasebut akhire kaleksanan kepangan pambujuke Prambudi. Lastri ora kuwawa nampik pambujuke Prambudi kang kepengin ndadekake dheweke sisihane lan ngganti posisine Minarti saka panguripane Prambudi kasebut, ora dinyana yen sakabehane mau mung mujudake pambujuke Prambudi supaya Lastri gelem digawe dolanan lan ngetes apa iya Lastri kasebut mujudake wanita kang becik.

b. Sipat Individual

Manungsa urip ing alam donya nduweni sipate dhewe-dhewe, sipat kasebut mujudake sipat individual kang dadi cirine manungsa kasebut karo wong liya. Sipat individual weneh ciri kang mligi marang manungsa. Ora ana manungsa kang nduweni sipat kang padha persis. Ana bab-bab kang gawe ciri antarane wong siji lan wong sijine. Sipat individual kang ana ing pribadhine wanita minangka objek seks iki maneka warna. Minarti kang tetep kukuh marang keyakinanane yaiku tetep anggone sregep shalat senajan dheweke kerja ing panggon pelayahan. Lastri kang mujudake wanita kanthi sipat pasrah. Palupi kang nduweni sipat ora setya, lan Neni kang mujudake wanita kasepen kang ditinggal sisihane lan ngelak marang kabutuhan biologise.

a) Sregep shalat

Sipat individual iki mujudake sipat unik kang dindhuweni sawijine pawongan. Sipat kang unik kasebut mujudake gegambarane kang trep utawa pas saka struktur kapribadhen sawijine pawongan. Sipat individual kang ana ing paraga wanita minangka objek seks yaiku sipat kang ana ing paraga Minarti. Dheweke mujudake wanita pelayahan kang tetep sregep anggone shalat. Bab kasebut mujudake tumindak kang jarang ditemokake ing kapribadhene wanita minangka objek seks kasebut. Gegambarane kaya pethikan ing ngisor iki:

“ . . . Ora wurung akeh wae para pelanggan sing padha milih Minarti minangka juru riase, Mesthi wae kesibukane tambah-tambah. Nanging pengasilane uga tambah-tambah. Mbaka sithik celengane sing arupa Tabanas nglumpuk. Karepe, yen celengane wis akeh arep leren anggone dadi wanita panglipur. Dhuwite nedya kanggo pawitan. Embuh kanggo bukak rumah makan maneh, embuh kanggo tuku sawah neng desa. Pokoke nyambut gawe kanthi kalal. Ing babagan mensucikan dhiri, Minarti ora nate lali nindakake shalat limang wektu. Aneh katone. Nanging kanyatan. Pakulinan kang selake angel ditindakake dening wanita tuna susila liyane! Bab kasebut ndadekake rasa urmate kanca-kancane, apadene Tante Sun dhewe” (Tiwiek, JB.07:39)

Sipat kang ana ing pribadhine Minarti pancen ora jumbuh karo penggaweyan kang lagi dilakoni saiki iki, yaiku dadi wanita tuna susila. Penggaweyan ala yaiku nyemplung ing donya ireng kasebut kanthi ora sengaja. Dheweke tetep ora lali minangka umat muslim kang taat, yaiku sholat limang wektu ora nganti lali.

b) Sipat Pasrah (Latri)

Wanita kadhang kala ora nduweni daya maneh kanggo mbela awake dhewe. Ora sethithik wanita kang pasrah marang nasib kang kadadeyan ing panguripane. Kaya kang kadadeyan dening Lastri. Lastri pasrah marang apa kang ditindakake Prambudi marang dheweke. Ora padha karo kang ditindakake wanita-wanita liyane, Lastri ora nuntut tanggung jawabe Prambudi kang kasil ngrasakake prawane kasebut. Bab kasebut kang dadi ciri Lastri tinimbang wanita-wanita liyane. gegambarane kaya pethikan ing ngisor iki:

“Dadak takon! Cepet gek lungaa. Suthik aku nyawang prejenganmu! Wanita gampang kaya kowe ora pantes saba mrene. Huh, lagake wae kaya, iyak-iyaka. Anggonmu nyatur eleke Minarti sasat entek amek kurang golek. Jebul kowe dhewe ora ana bedhane. Kanthi gampang masrahake kasucene marang wong lanang sing dudu mukrime!” Lastri ketampeg. Rumangsa kewirangan gedhen. Kanthi ngampet tangis lan rasa wirang sing tanpa upama, gage ngenggo sandhanganane maneh. Nuli mlayu metu. Atine lara. . . (Tiwiek, JB14:37)

Pethikan kasebut ngandharake yen Lastri beda karo Palupi, uga Minarti. Lastri kanthi pasrah ora njaluk tanggung jawabe Prambudi kang wis ngebut kasucene kasebut. Lastri ora ngupaya supaya Prambudi gelem tanggung jawab marang apa kang wis ditindakake marang dheweke kasebut. Sipat kang ana ing pribadhine Lastri pancen mligi ing pribadhine Lastri kasebut, lan ora akeh ditemoni ing pribadhi-pribadhine wanita kang dadi objek seks. Bab kasebut bisa uga amarga Lastri kang mujudake prawan desa kang durung nduweni umur mateng. Dheweke isih banget enom kanggo mangerteni bab-bab kang kaya mangkono mau. Sipat kang kaya mangkono mau banjur gampang dimanfaatake dening liyan, lan kang nandang rugi ora liya ya wanita (Latri) dhewe.

c) Sipat Ora setya (Palupi)

Sipat ora setya umume ana ing pribadhine pawongan priya, ananging ora sethithik kang ditemoni ing pribadhine wanita. Sipat ora setya mujudake sipat kang ora becik. Sipat kasebut bisa ditemoni ing pribadhine Palupi. Palupi mujudake sawijine wanita modern kang asring gonta-ganti pacar. Bab kasebut kang dadi ciri saka pribadhine Palupi. Gegambarane kaya pethikan ing ngisor iki:

. . . “Awit patrape Palupi sing keladuk nyel-nyelan ora disenengi. Nganti umur 28 taun durung omah-omah. Kena diarani prawan kasep. Akeh wong ngrasani. Ewadene bocahe dhewe ora preduli. Anggone ora enggal payu sajak ora dadi masalah. Mung sing genah, Palupi uga genti-genti pacar. Nanging aneh, kok ora ana sing serius. Setaun rong taun, pedhot. Mangkono bola-bali.” (Tiwiek, JB.15:38)

Pethikan kasebut ngandharake yen Palupi beda karo wanita-wanita umume. Bab iki kang dadi cirine Palupi karo wanita-wanita liyane, utamane wanita objek seks. Palupi mujudake wanita desa, ananging nduweni kapribadhen kaya-kaya wanita kutha. Wanita kutha kang kadhang kala ora ngetutake aturan-aturan kang umum ing urip bebrayan. Umume wanita utawa gadhis desa isih nguri-uri aturan utawa isih ngutamakake sipat-sipat minangka wanita (Jawa).

d) Sipat Wanita kasepen (Neni)

Sipat kendel ing kene yaiku sipat kang nduweni *inisiatif-inisiatif* menyang tumindak-tumindak utawa idhe-idhe. Sipat wanita kendel kasebut ana ing pribadhiné Neni utawa Bu Handoko. Neni minangka wanita kang wis omah-omah kasebut ora wurung nduweni pengalaman kang luwih akeh tinimbang Prambudi kang lagi wae omah-omah karo Minarti. Bab kasebut kang njalari Bu Handoko/Neni kasebut nduweni rasa kendel utawa wani. Gegambarane kaya pethikan ing ngisor iki:

“Dhik. . . cepet Dhik. . . ngapa dadk rangu-rangu? Percayaa. . . aman, ora bakal ana sing weruh. . .” cluluke Neni meruhi Pram dadk nganyer. Kontan suwara kasebut mlebu ing rekamane. . . (Tiwiek, JB. 18:38)

Beda karo korban objek seks-e Prambudi liyane, sabanjure Neni kepangan karo panggodhane Prambudi dheweke ora bisa nguwasani nafsu birahine. Wanita kasepen kasebut banjur kanthi kendel ngongkon supaya Prambudi gelem ngancani dheweke ngguwak rasa kasepene kasebut, yaiku kanthi tumindak kaya dene bebojowan. Sipate Neni kasebut weneh ciri marang dheweke, yen ta Neni kasebut mujudake wanita kasepen merga ditinggal dening sisihane dhines ing Kutha Jombang.

2. Wujud Problem kajiwane wanita minangka objek seks sajrone Cerbung *Kesumat* Anggitane Tiwiek S.A

Miturut Allport (sajrone Suryabrata 1990:254), ing panguripan nyata akeh bab-bab kang kadadéyan mung sepisan ananging bisa weneh daya pangaribawa tumrap tingkah lakune pawongan, tuladhane pengalaman traumatis kang tetep ndayani panguripane sawijine pawongan.

Reflek kanthi syarat iki mujudake sawijine tumindak kang kadadéyan amarga anane daya pangaribawa saka njaba utawa saka pengalaman uripe sawijine pawongan. Sawijine pawongan/manungsa anggone nglakoni tumindak bisa didayani pengalaman-pengalaman kang bisa gawe sawijine pawongan kasebut nandang trauma. Trauma kasebut banjur bisa ndayani panguripan jiwane manungsa kasebut lan bisa dadi problem kajiwane ing panguripane sawijine pawongan kasebut. Kaya kang dilakoni dening Minarti ing cerbung *Kesumat* anggitane Tiwiek S.A kasebut. Dheweke nandang trauma nalika weruh pawongan yaiku Bonardi pawongan lanang kang mbiyen dadi pelanggan nalika dheweke isih dadi wanita pelanyahan. Trauma kasebut kadadéyan amarga rasa wedine Minarti marang Bonardi lan marang masa lalune sing dianggep dadi beban sajrone uripe yaiku profesi kang sadurunge ora dikarepake yaiku dadi wanita pelanyahan.

Traumane Minarti marang Bonardi kadadéyan sepisanan ing adicara nenikahane dheweke karo Prambudi. Nalika kuwi Bonardi kang mujudake nakdulur nekani adicara kasebut. Sapandurat gawe Minarti kaget nalika dheweke disapa dening priya kang wis gawe bubahe dheweke kasebut. Minarti kaget, dheweke ora bisa kumecap lan ora isa obah. Gegambarane kaya pethikan ing ngisor iki:

“Minarti! layak pirang-pirang wulan dakgoleki ra ketemu. jebul ndhelik neng kene ya? kathik mara-mara wis dadi manten!” aloke priya mau lirih nanging tumrap Minarti kaya swara bledheg ing wayah awan. Mripate mbalak raine pucet lan lambene kedher awak gemeter, kegawa sak kagete. Sapandhurat ora bisa obah. Ngadeg njegeg kaya tugu sinukarto.” (Tiwiek, JB.01:39)

Trauma kang dirasa dening Minarti diwiwiti nalika dheweke ketemu maneh karo Bonardi ing malem nenikahane Minarti karo Prambudi. Ketemu karo Bonardi maneh sakwise dheweke mutusake ngalih lan ora kerja maneh neng salon merakati. Minarti banget kaget kang ndadekake dheweke trauma marang Bonardi kasebut. Bonardi mujudake pawongan kang wis dianggep ngrusak uripe. Minarti trauma marang Bonardi lan uga masa lalune kang dianggep peteng lan kudu didohi saka panguripane. Traumane Minarti marang Bonardi kasebut kadadéyan amarga nalika weruh Bonardi, dheweke kaya dielengake marang pengalaman lan masa lalune kang kebak pepeteng kasebut.

Trauma kang dirasakake dening Minarti mujudake rasa wedine marang salah sawijine pawongan lan marang pengalaman jaman mbiyen nalika kahanan kang ndadekake dheweke krasa dipeksa nyempung menyang donya kang peteng yaiku donyane para wanita pelanyahan. Dipeksa amarga dheweke diakali dening Bonardi kanthi diobat perangsang supaya bisa nglayani dheweke

kaya dene wanita tuna susila liyane kang manggon lan kerja ing salon merakati kasebut. Pengalaman kang kaya mangkono mau ndadekake Minarti trauma marang Bonardi. gegambarane kaya pethikan ing nglisor iki:

“Dheweke nggeblas mlebu ngomah. Awak gemeter, ambegane nggos-nggosan. Sawetara kancane nggumun meruhi patrape Minar kasebut. Tujune tamu-tamu kawigatene mung marang piring runtuh kasebut. Lan si priya, kanthi pinter ngalihake suwasana. Kasembuh kasengsem pakeliran sing ditindakake dhalang Manteb Suseno, sedhela bae bab piring runtuh kasebut wis dilalekake.” (Tiwiek, JB.01:39)

Malem resepsi neningkahane karo Prambudi kang kudune dirasakake kanthi seneng lan kanthi rasa syukur kudu keganggu dening tekane pawongan kang ora dikarepake dening Minardi. Pawongan kang ora dikarepake kasebut ora liya yaiku Bonardi. Minarti babar pisan ora mangerteni yen sejatine Bonardi kasebut isih mujudake nakdulur karo Prambudi. Minarti kang nduweni trauma marang Bonardi kasebut sapandurat uripe kaya kaancam, kang pungkasane dheweke kepeksa ninggalake acara kasebut. Dheweke mlebu omah ngindhari Bonardi kasebut. Awake gemeteran kaya wong wedi lan ambegane ngos-ngosan, kaya ana bebaya gedhe kang ngancam uripe Minarti, Minarti nandang trauma. Pethikan ing ndhuwur kasebut ngandharake gegambarane pawongan kang lagi trauma kanthi ciri-ciri kasebut.

3. Motivasi wanita minangka objek seks sajrone mungkasi problem kajiwane sajrone Cerbung Kesumat Anggitane Tiwiek S.A

Allport nengenake pentinge motivasi sadhar. Miturut Allport (sajrone Alwisol, 2012:229), pawongan diwasa kang sehat umume sadhar marang apa kang ditindakake lan uga alesan kena apa dheweke kasebut nindakake pakaryan kasebut. Saben-saben manungsa kang diwasa lan wis mateng psikologine saperangan gedhe tingkah lakune dimotivasi dening pikirane kang sadhar, saengga proses ora sadhare sajrone tingkah lakune ora katon, utawa ora ana. Kaya apa kang ditindakake Minarti sajrone panguripane kang nandang kesumat marang Bonardi kang pungkasane dheweke mungkasi rasa kesumate kasebut kanthi ngilangake nyawa pawongan liya yaiku Bonardi, priya kang wis gawe uripe tansah sengsara. Paraga Neni kang uga nduweni motif kena apa dheweke tumindak durjana menyang Prambudi.

a. Motivasi Minarti mungkasi problem kajiwane

Trauma kang dirasakake dening Minarti saya suwe saya kalong lan pungkasane ilang nalika dheweke kanthi kepeksa gelem nuruti apa kang dikarepake dening Bonardi marang dheweke yaiku

kanthi gelem nglayani Bonardi maneh kaya mbiyen nalika dheweke kerja neng salon merakati. Minarti uripe tansah salah, kaya woh simalakama ngono kae, yen dheweke ora gelem nglayani Bonardi kadidene wong bojowan Bonardi bakal mbongkar marang wong akeh sapa sejatine Minarti kasebut, nanging yen dheweke manut marang apa kang dikarepake Bonardi kuwi ateges dheweke wis kiyanat marang sisihane kang banget ditresnani yaiku Prambudi.

Sesambungane Minarti karo Bonardi pungkasane diweruhi dening wong liya yaiku Palupi. Bab kasebut kang ndadekake Bu Prastowo murka lan pungkasane nundhung warasan Minarti saka omahe. Minarti nandang kesumat marang Bonardi, dheweke wis nganggep yen nasib kang dirasakake saiki iki merga kelakuwane Bonardi kang nerak norma-norma kasebut kang ndadekake bale wismane karo Prambudi kepeksa ora isa dibacutake ora merga kapenginane Prambudi nanging merga kapenginane mara tuwa, ing bab iki Prambudi ora weruh merga dheweke isih kerja ing Surabaya. Mangerteni bab kang kadadeyan ing rumah tanggane, Prambudi ora ngluputake Minarti, dheweke tetep tresna lan malah nggoleki Minarti tekan ngendi-endi, ananging kabeh wis kebacut kadadeyan, Minarti wis ditundhung dening mara tuwane, ing atine dheweke kepengin males kelakuwane Bonardi marang dheweke. Gegambarane kaya pethikan ing nglisor iki:

“ . . . Wis janji jroning ati ora nedya mbaleni urip kaya biyen. Nanging bareng nemoni lelakon kaya saiki iki, apa hiya prasetyane mau bisa diwujud? Minarti judheg! Tibaning pangumun-umun mesthi wae njur tumuju marang Bonardi! Becike si bajul bunting kuwi, ora kaya mangkono kadadeyane. Sakala dhadhane Minarti mengkap-mengkap. Dheweke nandur kesumat!” (Tiwiek, JB. 11:39)

Pethikan ing ndhuwur kasebut ngandharake yen Minarti ngrasa mangkel banget marang Bonardi, dheweke nganti nandur kesumat marang priya kang wis ngrusak niat becike kang kepengin dadi wanita kinurmat kanthi sesandhingan karo Prambudi, ananging merga tingkah polahe Bonardi kasebut dheweke kudu ikhlas ninggalake Prambudi, priya kang banget ditresnani merga Prambudi uga kang wis ngentas dheweke saka donya ireng yaiku donyane pelanyahanan. Niyat becike Minarti kasebut bubrah merga tekane Bonardi menyang panguripane karo Prambudi kang lagi wae dibangun durung suwe kasebut. Bab kuwi kang ndadekake Minarti nandang kesumat marang Bonardi.

b. Motivasi Neni mungkasi problem kajiwane

Kesumat uga dirasakake dening wanita liya ing cerbung *Kesumat* iki, wanita kuwi ora liya yaiku Bu Handoko utawa Neni. Dheweke nandang kesumat marang wong kang wis gawe dheweke

dolanan, priya kasebut yaiku Prambudi. Prambudi kang manfaatake Neni kanthi ngrayu lan pungkasane Neni mlebu menyang pambujukee Prambudi kasebut. Prambudi uga wis gawe rumah tanggane Neni karo Pak Handoko rusak merga Prambudi wis ngirim rekaman suwara antarane Neni lan Dheweke nalika sesambungan badan kasebut. Padha karo apa kang dilakoni Minarti marang Bonardi, Neni uga nduweni niat arep merjaya Prambudi. Bedane, Neni ora tumandang dhewe, ananging kanthi ngongkon wong kanggo merjayani Prambudi. Untunge Prambudi ora senasib karo Bonardi, Prambudi isih bisa ditulung, amarga nalika tukang bogeme Neni kasebut konangan nalika arep merjayani Prambudi. Gegambarane kaya pethikan ing ngisor iki:

“Kedadeyan kecekele Minarti ing rumah sakit lan crita apa kang dumadi ing suwalike kedadeyan iku cepet sumebar. Saya-saya bareng Koran-koran uga rame martakake. Sasat angger ana krumpul-krumpul sing dicatur ya prekara kuwi. Durung bae bab kasebut sirep, dada kana kabar sumusul. Kabar sing ora kalah narik sarta sereme. Narik, serem lan agawe gawok! Yaiku, Bu Handoko aliyas Nyonya Neni garwane Pak Handoko sing pegawe Bank, sing kagungan dalem anyar ing desa Karangtalun, ditangkep pulisi! Jalarane, awit Bu Handoko kesangkut prakara kroyokan sing nggawa korban Prambudi.

Genah rak ngene. Nalika Pak Handoko nampa kiriman paket isi kaset saka Prambudi, muring banget. Sakal kondur menyang daleme ing Karangtalun. Ora taha-taha Bu Handoko diamuk lan diuring-uring. Kaset tandha bukti slingkuhe Bu Handoko dituduhake. Mesthi bae Neni ora bisa kumbi. Ning tundhone banjur nandur kesumat marang Prambudi. Dheweke ora pangling, genah kabeh mau akal-akalane Prambudi. Bawane ati peteng lan rasa mangkel, kanthi sesindheman prentah Kingkong lan Bungkik supaya mrawasa Prambudi. Eman Kingkong lan Bungkik keburu kecekel pulisi lan neng ngarepe pulisi ngoceh yen tumindake iku jalaran didhalangi Bu Handoko! (Tiwiek, JB. 21:38)

Pethikan ing ndhuwur kasebut ngandharake yen Neni nandang kesumat marang Prambudi merga dheweke kang wis gawe rumah tanggane karo Pak Handoko rusak, dheweke diuring-uring dening garwane kasebut. Pak Handoko muring-muring marang Neni amarga konangan yen selingkuh karo Prambudi saka kaset rekaman suwara kang dikirim Prambudi menyang Pak Handoko kasebut. Bab kasebut kang gawe Neni nekat kanthi ngongkon wong liya yaiku Kingkong lan Bungkik supaya ngroyok Prambudi. Emane,

kadadeyan kuwi konangan dening pulisi lan ndadekake Neni kudu mertanggung jawabake apa kang wis dilakoni dening Prambudi kasebut. Motif kang dilakoni dening Neni kasebut padha karo apa kang dilakoni dening Minarti, yaiku padha-padha kepengin males dhendham marang priya kang wis dianggep gawe panguripane lan luwih-luwih bale wismane rusak lan keganggu.

PANUTUP

a. Dudutan

Dudutan sajrone panliten iki nuduhake manawa sipat-sipate para wanita minangka objek seks sajrone cerbung *Kesumat* anggitané Tiwiek S.A nduweni sipat-sipat umum. Sipat kasebut lumrah ana sajrone pribadine wanita minangka objek seks kaya ta sipat wanita kang ringkih, sipat polos/lugu, lan sipat gampang kena godhane priya. Problem kajiwane wanita minangka objek seks kang dirasakake dening paraga Minarti. Problem kajiwan kang ana sajrone paraga Minarti kasebut yaiku arupa trauma marang pengalaman urip kang kadadeyan ing jaman mbiyen. Motife saperangan wanita sajrone mungkasi problem kajiwane kasebut yaiku amarga anane dhendham. Dhendham kasebut ditujukake marang priya kang wis ndadekake wanita kasebut objek seks-e.

b. Pamrayoga

Cerbung *Kesumat* anggitané Tiwiek S.A iki nyritakake saperangan gedhe panguripane lan prekara kang dilakoni dening wanita, utamane wanita kang minangka objek seks. Cerbung *Kesumat* kasebut weneh gambaran marang para pamaos kabeh menyang sawijine kahanan kang bisa ngrubah panguripane sawijine pawongan. Apa kang ana sajrone crita kasebut weneh tuladha sajrone paraga-paraga kanthi sipat lan prekara kang ana ing panguripane kasebut. Sipat-sipat kasebut bisaa dadi pangira-ira supaya awake dhewe bisa ngadhepi lan mungkasi prekara kanthi bijak lan ora semrana. Kanthi nggunakake tintonan psikologi (Gordon W. Allport) iki bisa ngandharake ancas yaiku mangerteni sastra sajrone crita kang diandharake kanthi njlimeti kapribadhen paraga wanita minangka objek seks kasebut. Tintonan kasebut mugiya bisa mbiyantu mangerteni sastra kang kaandhut sajrone crita kasebut. Cerbung *Kesumat* iki nyritakake panguripane wanita kasebut muga bisa luwih nuwuhake greget marang para pamaos lan pandhemen cerbung kanggo nyoba lan sinau ngripta sastra mligine sastra Jawa kang dirasa sasuwene iki mung ngandharake tema-tema kang wis akeh dipacak sadurunge. Panliten iki uga dikarepake bisaa menehi sumbang sih kanggo ngrembakakake kawruh bab sastra kanthi nggunakake tintonan psikologi mligine psikologi kapribadhen.

KAPUSTAKAN

- Abrams, M.H. 1981. *A Glossary of Literary Terms*. New York: Holt, Rinehart and Winston.
- Alwisol. 2012. *Psikologi Kepribadian*. Malang:UMM Press
- Darni. 2012. *Fenomena Baru Tulisan Pengarang Wanita Sastra Jawa Modern Menjelang Tahun 2000* sajrone <http://www.ikabudi.uny.ac.id>. Diakses tanggal 18 Maret 2014.
- Endraswara, Suwardi. 2011. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: CAPS.
- Kenny, William. 1966. *How to Analyze Fiction*. New York: Monarch Press.
- Koswara, E.1991. *Teori-teori Kepribadian*. Bandung: PT Eresco.
- Muhajir, Naeng. 1996. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: Remaja Rosda Karya.
- Minderop, Albertine. 2013. *Psikologi Sastra*. Jakarta: Yayasan pustaka obor Indonesia.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajdah Mada University Press.
- Najid, Moh. 2003. *Mengenal Apresiasi Prosa Fiksi*. Yogyakarta: University Press.
- OPSI.2008. *Sastra Jawa Gagrag Anyar* sajrone www.sastrajawa.org/search/label/SOSOK, diakses ing tanggal 13 Nopember 2013
- Pradotokusumo, Partini Sardjono.2005. *Pengkajian Sastra*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka
- Pradopo, Rahmat Djoko. 1997. *Prinsip-prinsip Kritik Sastra dan Penerapannya*. Yogyakarta.Gajahmada University Press.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2013. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- S.A, Tiwiek.1991-1992. *Kesumat*. Surabaya: Jaya Baya
- Saryono, Djoko. 2009. *Dasar Apresiasi Sastra*. Yogyakarta: Elmaterra Publishing.
- Siswantoro. 2005. *Metode Penelitian Sastra Analisis Psikologi*. Surakarta: Muhammadiyah University Press
- Semi, Atar M. 1993. *Anatomi Sastra*. Bandung: Angkasa Raya.
- Sujanto, Agus dkk. 1997. *Psikologi Kepribadian*. Surabaya: Bumi Aksara.
- Suryabrata,Sumadi.1990.*PsikologiKepribadian*.Jakarta.CV Rajawali.
- Suwondo, Tirta dkk. 2006. *Antologi Biografi Pengarang Sastra Jawa Modern*. Yogyakarta: Adi Wacana
- Wellek dan Warren. 1990. *Teori Kasusastran*. Jakarta: Gramedia